Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 31 (6431) 1 июнь 2015 с. Итни ШагIбан 1436 с. Багьа 5 гъур.

ГIЕЛМУ -ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## Школазул дарсаздаса - гIумрудул дарсазде

**Гумбет районалъул школазда ахирисеб цIумур кьабуна**



**2015 соналъул 23 маялда Гумбет районалъул школазда ахирисеб цIумур кьабиялъул байрамал тIоритIана.**

Байрамалъулаб къагIидаялъ къачIарал школазул байдабазда тIиритIун рукIана кочIол макънал. Байрамазда гIахьаллъи гьабуна 9 ва 11 класазул 276 выпускникас. Рохалилал байрамазда гIахьаллъана учительзаби, лъималазул умумул, гьалбал, гьединго районалъул нухмалъулел ва жамгIиял церехъаби.

Школазда рохалилал тадбирал тIоритIизе байбихьана Россиялъул Федерациялъул Гимн ахIиялдасан, Россиялъул ва Дагъистаналъул байрахъал росиялдасан.

Выпускниказде баркиялъулал, гьара-рахьиялъулал рагIаби абуна, гIумруялъулъ талихI-рохел гьарана лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулез, тIоцересел учительзабаз, умумуз, районалъул нухмалъулез.

Ахирисеб цIумур кьабиялъул байрамазда цIалулъ, спорталъулъ, общественнияб хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал цIалдохъабазе шапакъатал кьуна.

Выпускниказ баркала загьир гьабуна жидее лъай, лъикIаб тарбия кьурал учительзабазе. ГIадатлъун лъугьараб ахирисеб цIумурги кьабуна ахиралда.

**«Гумбет» РИО**

БАЗАР КИН БУКIИНЕБ, НИЗАМ БУГОНИ

## Питнаби тIиритIараб ахир-заманаялда

**Гумбет районалъул администрациялъул терроралда данде чIараб заседание**

**27 маялда маданиябгун сахгьариялъул централъул залалда тIобитIана Гумбет районалъул администрациялъул заседание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас. Заседаниялде къабул гьарун рукIана росабазул поселениязул бутIрул, районалъул учреждениязул ва организациязул нухмалъулел, маданияталъул, лъайкьеялъул учреждениязул хIалтIухъаби.**

Заседание рагьана ва бачана Гумбет районалъул администрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас**. Гьоркьоб лъуна «Гумбет районалда экстремизмалде ва терроризмалде данде къеркьей гьабиялъул рахъалъ 2012 – 2016 соназе бугеб комплекснияб программа тIубазабиялъул хIакъалъулъ» суал. Гьеб суалалда тIасан докладгун вахъана Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Каримов.** Гьес тIадчIей гьабун бицана экстремизмалде, терроризмалде данде къеркьеялъул рахъалъ гIадлу-низам цIуниялъул органазул, лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул, маданиял учреждениязул, информациялъулаб «Гумбет» гIуцIиялъ гьабулеб бугеб хIалтIул. «ХIинкъи гьечIеб район» программаялда рекъон, маданиябгун сахгьариялъул комплексалда, МелъелтIа гьоркьохъеб школалда, пагьму-гьунар бугел лъималазул интернаталда, гьединго МелъелтIа, ЧIиркъатIа, Игьали, Гъоркь Инхо, ТIад Инхо росабазул централияб бутIаялда лъун руго видеокамераби. Экстремизмалде ва терроризмалде дандекъеркьеялъул рахъалъ кIудияб хIалтIи гьабулеб буго Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъ. Терроризмалъул хасияталъул такъсирал гьариялде гьетIи бугел гIадамал тIатинарулел руго. Хъвай – хъвагIай гьабун буго гьединав 20 чиясул. ЦIалдохъабазда цере рахъуна экстремизмалда ва терроризмалда хурхарал гара-чIвариялгун.




**(Ахир-кIиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



ТIоцебесеб ва ахирисеб классазе-сайгъатал
-2 гьум.



ГIадамазе хIакимлъун ГIадлу бергьарав гьаве
-2 гьум.



Назначен и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району
-3 стр.



Дунял- лъималазул бераздалъун
-3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи



ВОРЕ ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

## ТIоцебесеб ва ахирисеб классазе-сайгъатал

### МелъелтIа аслияб школалда ахирисеб цIумур

**Районалъул тIолалго школаздаго гIадин МелъелтIа Сахрат МухIамадовасул цIаралда бугеб аслияб школалдаги тIобитIана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам. Школалъулаб форма ретIарал лъимал чIана кьерал гьарун жиде-жидер классал ккун. Байдан берцин гьабун букIана тIугьдуз, плакатаз.**

Байрам рагьана ва бачана школалъул кIудияй вожатая ПатIимат МухIамадовалъ. Гьелъ кIалъазе рагIи кьуна школалъул завуч **Рамазан ГIабдурахIмановасе.** Рамазаница цIалдохъабазда, умумузда, тIаде рачIарал гьалбадерида мугIалимзабазул ва школалъул дирекциялъул рахъалдасан баркана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам. КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул хIурматалда кучIдул рикIкIиналъул конкурсазда, районалда тIоритIарал олимпиадабазда, призалъулал бакIал ккурал цIалдохъабазе кьуна школалъул дирекциялъул рахъалдасан грамотаби. Гьес школа лъугIунезе гьарана гIумруялъул нухда битIккей, гьабулеб ишалъулъ икъбал, талихI-рохел.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан школа лъугIунезе насихIатал гьаруна **ГIабдула МухIамадовас.** «ЛъагIалил цIалдохъан – 2015» конкурсалда, районалъул олимпиадабазда призалъулал бакIал цIваразе кьуна грамотаби.

Щибаб кIалъаялда гьоркьор цIалдохъабаз ахIана рикIкIана кучIдул. Гьединго баркиялъулал церерахъинал, балагьаразе лъикIаб асар гьабулел инсценировкаби кьурдаби рукIана тIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз выпускниказе кьуна гьитIиналго сайгъатал выпускниказги гьел сайгъатаздалъун роххизаруна. ТIоцебесеб класс лъугIаразе дипломал кьуна гьеб классалъул учительница Шагьрузат Къурбановалъ.



Школа лъугIун унезда цIакьго рекIелъе ртулел рагIабаздалъун баркиялъулаб кIалъай гьабуна лъималазул тIоцеесей учительница, аслияб школалъул директор **Зульфия ХIажимурадовалъ.**

9 соналъ жидер лъималазе кьураб тарбия – лъаялъухъ учительзабазе ракI-ракIалъго баркала кьурал, школа лъугIун унел лъималаза хадубккунисеб гIумруялъулъ битIккей гьарарал кIалъаял гьаруна умумул **Аминат Ибрагьимовалъ, Загьра МухIамадовалъ**, Рамазан ГIабдурахIмановас.«Сельсовет “Мехельтинский”» администрациялъул ва МелъелтIа росдал маданияб централъул рахъалдасан кIалъазе яхъана маданияб централъул директор **ГIазра Халидова** ва кьуна выпускниказе сайгъаталги.

Школалъул учительзабазде гьарурал кучIдул ахIун ва рикIкIун байрам берцин гьабуна исана 4 класс лъугIарал цIалдохъабазги.

«ЛъагIалил цIалдохъан – 2015» конкурсалда призалъулаб бакI цIварай **Хадижат МухIамадовалъе**, «Бищун лъикIав классалъул нухмалъулев» конкурсалда гIахьаллъарав **ХIажи МухIамадовасе** кьуна грамотаби, «5» ва «4» кьиматазда цIали лъугIизабуразе кьуна Рецщалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал, гьединго районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулей **Сиядат ГIабдумутIалибовалъул** рахъалдасанги библиотекаялда тIоритIулел тадбиразулъ лъикIаб гIахьаллъи гьабуразе кьуна грамотаби.

Ахирисеб цIумур кьабуна тIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз.

**ГIайшат Исламбиева**

БАЗАР КИН БУКIИНЕБ, НИЗАМ БУГОНИ

## Питнаби тIиритIараб ахир-заманаялда

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** Лъайкьеялъул учреждениязда тIоритIула гIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбиякьеялда хурхарал тадбирал, гIадатлъун лъугьун буго бихьинчилъиялъул дарсал тIоритIи. Диниял хIаракатчагIи рачIуна школазде экстремизмалъул ва терроризмалъул зарал лъимализда бичIчIинабизе.

Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъ районалъул газеталда лъун буго «Антитеррор» рубрика, щибаб анкьалъ бакIалъулаб телевидениялдасан кьола «Исламалъул сагIат» передача, официалияб сайталда рагьун буго «Экстремизмалде дандечIей» раздел.

Заседаниялда гьоркьоб лъурав суалалда тIасанкIалъаял гьаруна Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев **УхIумагIали Загьидовас**, районалъул лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас**, культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадовас**, районалъул имам **ГIабдулагь-хIажи Закарикаевас.**

Районалда экстремизмалде ва терроризмалде дандекьеркьеялъул рахъалъ гьабулеб бугеб хIалтIуе кьимат кьураб кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.

Ахиралда кьабул гьабуна гIатIидаб хIукмуги.

**Къурмагьиз ХIадисова**

ТIАЛЪИЯН АБУНИ...

## ГIадамазе хIакимлъун ГIадлу бергьарав гьаве

### «Цогояб Россиялъул» жанисел рищиял

**27 маялда «Цогояб Россия» партиялъул членалги гIахьаллъун тIобитIана гьеб партиялъул политсоветалъул заседание. Гьеб рагьана «Цогояб Россия» партиялъул бакIалъулаб Гумбет отделениялъул секретарь МухIамадгIали МухIамадгIалиевас. «Цогояб россиялъулазул» лъайхъвай гьабуна партиялъул бакIалъулаб отделениялъул рищиязда цебесеб программаялъулгун.**

«Нилъер мурад буго Гумбет районалъул росабазул поселениязул вакиллъиялъул органазде депутаталлъун жидерго рагIул ва ишазул жаваб кьун бажарулел гIадамал рищи ва ракIчIола нилъеца рихьизарурал кандидатураби рищани, районалъул социалиябгун экономическияб ва маданияб цебетIей букIинабиялъе гIоло свак лъачIого гьел хIалтIизе рукIиналда», - ян абуна **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.**

«Жакъа нилъеда тIадаб иш ккола чанго соналъ цебе улкаялъул Президент Владимир Путиница бихьизабураб курс цIуни. Гьеб курсалъ Россиялда кIвезе буго дунялалъул базаразда бугеб гIадаб хIал лъугьинчIого, экономика чIара-хьараблъун гьабизе», - ян лъугIизабуна МухIамадгIалиевас кIалъай.

Заседаниялда кIалъазе рахъана Игьали гьоркьохъеб школалъул директор **СагIит МухIамадов,** территориалияб рищиязул комиссиялъул нухмалъулев **ГIабдулмажид Амагаев**, районалъул Собраниялъул депутат **ЮнусхIажи ХIамзатов.**

«Цогояб Россия» партиялъ рихьизарурал кандидатазул хIакъалъулъ баян кьуна партиялъул член **АхIмад Каримовас.**

Гьаркьал кьей гIуцIиялъул къагIидабазул бицана хIисаб-лъул комиссиялъул председатель **ИсмагIил Салатгереевас.**

Хадуб байбихьана партиялда жанисеб цебеккунисеб бальгояб гьаракь кьеялъул тадбиралда. Гьаркьал кьун лъугIидал хIисабалъул комиссиялъ гьел рикIкIана. Ккарал хIасилазул баян кьуна «Цогояб Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул исполкомалъул нухмалъулев **АхIмад Сулаймановас.**

2015 соналъул 13 сентябралда тIоритIизе ругел рищиязда Гумбет районалъул росабазул поселениязул вакиллъиялъул органазде кандидатазул сияхIалде тIаде журазе кандидатурабазул хIисаб гьабуна.

Политсоветалъул заседаниялда бихьизабуна КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъе сайгъат гьабураб видеоролик.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## Инхоса ГIали-хIажиясул лъалкIда хадур

### Инхоса ГIали-хIажиясул соналъул лъугьа-бахъинал

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасул хIалтIулаб совещаниялда гьоркьоб лъуна поэт, философ, динияв хIаракатчи Инхоса ГIали-хIажи гьавураб къоялдаса 170 сон тIубаялде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суал.**

Совещаниялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Каримов,** районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухIамад ГIумардибиров,** Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул нухмалъулев **Набигула АхIмадибиров,** централияб библиотечнияб системаялъул нухмалъулей **Сиядат ГIабдулмутIалибова,** «Гумбет» газеталъул фотомухбир **Гебек Гебеков.**

Совещаниялда кIалъазе рахъарал АхIмад Каримовас, МухIамад ГIумардибировас, Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ бицана Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса 170 сон тIубаялде хIадурлъиялъул рахъалъ гьаризе ругел тадбиразул.



Совещаниялъул хIасилал гьаруна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас ва чIван къотIарал тIадкъаял кьуна поэт ва гIалимчи – гIарабист гьавуралдаса 170 сон тIубаялде хIадурлъи гьабиялъе ва юбилей тIобитIиялъе.

**«Гумбет» РИО**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Назначен и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району

### Им стал подполковник полиции Сайпудин Магомедалиев

**Приказом Министра внутренних дел республики Дагестан от 22.05.2015г. №721 по личному составу, с составлением контракта, исполнение обязанностей по должности возложено начальника отдела МВД России по Гумбетовскому району на подполковника внутренней службы Магомедалиева Сайпудина Ибрагимовича освободив от должности старшего инспектора по ОП**



**группы прохождения службы отдела кадров УРЛС МВД по РД.**

Магомедалиев С.И. родился 21 августа 1965 году в с. Мехельта Гумбетовского района в семье рабочих. Окончив Мехельтинскую школу 1982г. поступил учиться в Дагестанский государственный университет на химический факультет. С 1983г. по 1985г. был призван на службу в ВС РФ, службу проходил г. Тында Амурской области.После увольнения с рядов ВС РФ, окончив обучение с 1989г. по 1991г. работал учителем в Первомайской средней школе с. Первомайск Бабаюртовского района РД.

В 1991г. поступил на службу в органы внутренних дел на должность инспектора по делам несовершеннолетних ОВД Гумбетовского района, на которой проработал 5 лет.

С 1995г. по 1997г. работал на должности помощника начальника отдела, оперативным дежурным.

В этот период службы поступил учиться Санкт-Петербургский университет МВД России по специальности юриспруденция, которую окончил в 2001г.

С 1997г. по 2002г. работал на должности заместителя начальника ОВД Гумбетовского района по кадровой работе.

В 2002 году за умелую и хорошую работу Магомедалиеву С.И. была предложена работа в кадровой службе МВД по РД. В кадровой службе МВД по РД работал на разных должностях и прослужил до старшего инспектора по ОП отдела комплектования УРЛС МВД по РД.

За период службы поощрялся 81 раз и к дисциплинарным взысканиям не подвергался, является участником боевых действий.

Все сотрудники ОМВД Гумбетовского района искренне поздравляют Сайпудина Ибрагимовича с новым назначением и желают еще больших достижений по службе и больших успехов на новом рабочем месте.

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## Дунял- лъималазул бераздалъун

### Гумбет районалда кIодо гьабуна лъимал цIуниялъул Халкъазда гьоркьосеб къо

**2015 соналъул 21 маялда МелъелтIа маданиябгун сахгьариялъул комплексалъул залалда рохалида кIодо гьабуна лъимал цIуниялъул Халкъазда гьоркьосеб къо. Гьеб тадбиралъул аслияб гIахьалчагIилъун рукIана бесдал лъимал, лъимал-инвалидал, гIемер лъимал ругел хъизабаздаса гьитIичал.**

Гьеб тадбир гIуцIана районалъул администрациялда цебе бугеб опекаялъул ва лъималазул тIалаб-агъаз гьабиялъул (попечительство) органалъ, социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул централъ, районалъул лъималазул библиотекаялъ, лъайкьеялъул учреждениялъ, лъималазул творческияб рукъалъ, Гумбеталъул искусствалъул школалъ. (Байрам байбихьилелде лъималазда бихьизабуна «Дуниял -лъималазул бераздалъун» абураб видеофильм.

Хадур церерахъана МелъелтIа «Бакъ» лъималазул ахалъул гьитIичал. Лъималазда байрам баркун кIалъана Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Каримов,** райадминистрациялда цебе бугеб опекаялъул ва тIалаб – агъаз гьабиялъул органалъул лъималазул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ специалист **ПатIимат ГIумарахъаева,** лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан **Загьра ГIабдулаева,** халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул отделалъул хIалтIухъан **ПатIимат Мусалаева.**

Байрамалъулаб программаялда рукIана МелъелтIа ясли-ахалъул ва районалъул школазул коллективазул церерахъиналъ, спортивиял хIаял, конкурсал, расандаби. Балагьарал разиял церерахъинал рукIана лъималазул ахалда ругел гIитIичазул, Игьали гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул коллективалъул, лъималазул творческияб рукъалъул кружокалъулазул, школа-искусствалъул кьурдухъабазул.

Ахиралда хьилалда тIад лъималаз рахъана суратал.




Конкурсазда бергьаразе социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул централъ сайгъатал кьуна. ХIадурун рукIана лъимал-инвалидазе сайгъаталги.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## «ЦIодорлъи гьабе - лъимал!»

**Россиялъул МВДялъул Дагъистан Республикаялда бугеб жанисел ишазул министерствоялъул буюрухъалда рекъон тIобитIулеб буго «ЦIодорлъи гьабе - лъимал» профилактикияб тадбир. Нухда аварияздалъун лъималазе зарал ккей дагьлъизабиялъул мурадалда тIобитIулеб тадбир буго гьеб.**

ХIисабалде босун буго «ЦIодорлъи гьабе - лъимал» тадбир 4 этапалда тIобитIизе. ТIоцебесеб этап – 25 маялдаса 15 июналде щвезегIан, лъимал цIалул сон лъугIун хIухьбахъизе ва сахгьаризе унеб заманалда.

КIиабилеб этап – 24 августалдаса 14 сентябралде щвезегIан, ридалил хIухьбахъиялдаса хадуб, кьватIахъан ва шагьранухаздасан хIинкъи гьечIолъи цIунулаго хьвадизе лъималазда ракIалде швеял гьаризе кколеб заманалда.

Лъабабилеб этап – школалда хаслихълъиялъул каникулал кьураб 1-10 ноябралъул къояз.

Ункъабилеб этап – 2015 соналъул 26 декабралдаса 2016 соналъул 10 январалде щвезегIан, школазда хасалил каникулал кьураб заманалда.

«Лъималазул гIумру цIуне» абураб ахIиялда гьоркь, умумузги, учительзабазги кинабго къуват буссинабизе ккола лъималазда нухазда хьвадиялъул къагIидаби ричIчIинарун, щибаб этап гIуцIа-къан, авариял ккеялдаса цIунуледухъ тIобитIиялде.

**Расул Ахкубегов,**
**ОГИБДДялъул нухмалъулев**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## «Автобус» операция

**Автобус бачунезул гIайибалдалъун республикаялъул нухазда аварияъ цIикIкIун ккана гьаб соналъ. Нухазда хьвадиялъул къагIидаби цIуничIолъиялъ, 12 авариялда 24 чиясе лъукъа-рекел ккана.**

Нухазда хьвадиялъул къагIидаби хвезари тIатинаби ва гьукъи, автобусазда гIадамал хIинкъи гьечIолъиги цIунулаго раччи мурадалда, Дагъистан Республикаялъул территориялда гIадин, нилъер районалдаги 30 маялдаса 9 июналде щвезегIан тIобитIулеб буго «Автобус» операция.

**ОГИБДД**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ МУГIАЛИМЗАБИ

## Психолог ва классалъул нухмалъулей

### ПатIимат Шарапудиновалъул бергьенлъаби

**МугIалимасул ва медсестраялъул хъизаналда гьаюна ва гIуна ПатIимат Шарапудинова. Кидаго рокьулаан гьелъие лъимал, гьелъ батила мугIалимлъи тIаса бищарабги. Игьали гьоркьохъеб школалда цIалулеб мехалдаги, мисалиял цIалдохъабазулъ рехсолаан ПатIиматил цIар.**

Игьелдерил школалда хIалтIулел педагогал районалда цебесеб кьерда ругезул цоял руго. Шарапудиновалъги бокьана гьезда релъарай лъугьине, гIолеб гIелалъе тарбия-лъай кьолезул кьерда йикIине. 1996 соналъ цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб университеталде. ЛъугIизабуна географиялъул факультет 2001 соналъ ва хIалтIизе лъугьана Игьали гьоркьохъеб школалъул мугIалимлъун.

Борхизабуна лъай, 2002 соналъ лъугIизаруна тIокIлъигун практическиял психологазул курсал ДГПУялда. Гьеб сооналдаса хIалтIулей йиго психологлъун. 2013 соналъ лъугIизаруна менеджменталъул ва организациялъе нухмалъиялъул курсалги. ПатIиматица кьолел руго



тарихалъул ва обществознаниялъул дарсал.

Школлъималазулгун хIалтIи лъикI гIуцIулей, гьезие лъайги тарбияги кьей гьанжесел тIалабазда рекъон гIуцIулей мугIалим ккола ПатIимат. Гьелъие нугIлъи гьабула районалъул олимпиадабазда гьелъ лъай кьурал лъималаз призовиял бакIал ккеялъ. Бищун лъикI ккаралльун рукIуна 2010 – 2011 соналъ. 11 цIалдохъанасе гьел соназ щвана призовиял бакIал: 5 цIалдохъанасе тIоцебесеб бакI, кIигояе кIиабилеб ва ункъгояе лъабабилеб бакIал.

Шарапудинова гIахьаллъана районалда тIоритIарал «ЛъагIалил учитель», «Педагог – лъагIалил психолог» ва цогидалги конкурсазда. Психологазул конкурсалда 2012 соналъ лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана гьей. 2015 соналъ районалда тIобитIараб «Бищун лъикIай классалъул нухмалъулей» кьецалда ккуна тIоцебесеб бакI, чIахIиял классазул мугIалимзабазда гьоркьоб. Ана республикаялъулаб конкурсалдеги. Гьенисаги кIиабилеб бакIги щун тIад юссана.

ПатIиматица нухмалъи гьабулеб буго 9 «б» классалъе. ЦIалул сон лъикIал хIасилалгун лъугIизабиялде буссинабун буго классалъе нухмалъулелъги цIалдохъабазги кIвар.

**Кьурмагъиз ХIадисова**

ЦIИЯЛ НУХМАЛЪУЛЕЛ

### «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул ишазул рахъалъ управляющий



**Салатгереев ИсмагIил Салавурханович гьавуна 1962 соналъул тIоцебесеб июналда Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ. 1980 сонада лъугIана МелъелтIа гьоркьохъеб школа.**

1981 - 1982 соназда хъулухъ гьабуна Советияб армиялда. 1983 сонада хIалтIизе лъугьана МелъелтIа росдал Тельманил цIаралда бугеб колхозалде. 1987 сонада хIалтIизе лъугьана районалъул жанисел ишазул отделалда милиционерлъун. ХIалтIана гьенив 2002 соналде щвезегIан батIи-батIияв хIалтIабазда.

1992 соналда заочно цIализе лъугьана нухмалъиялъул ва бизнесалъул институталде. Гьеб лъугIана 1997 сонада ва щвана юристасул махщел. 2005 соналъул 27 сентябралда тIамуна Гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул (ГОЧС) отделалъул нухмалъулевлъун.

2015 соналъул тIоцебесеб апрелалдаса «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул ишазул рахъалъ управляющийлъун тIамуна.

### ГIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялъул нухмалъулев



**Эсенбулатов МухIамадрасул УхIумагIалиевич гьавуна 1981 соналъ МелъелтIа росулъ. ГIагараб росдал гьоркьохъеб школа лъугIана 1998 соналъ.**

Хадув ана Россиялъул армиялда тIадаб хъулухъ гьабизе. 2001 соналъ заочно цIализе лъугьана финансазул ва правоялъул институталде. ЛъугIизабуна гьеб 2007 соналъ, хIалтIиги цIалиги бачана цадахъ.

2002 соналдаса МухIамадрасул хIалтIулев вукIана гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялда специалистлъун. 2015 соналъул 30 марталда гьев тIамуна гьеб идараялъул нухмалъулевлъун.

**ХадубрагIи:** цIияв нухмалъулес гIадамал тIаде къабул гьарулеб кьолъун чIезабун буго щибаб хамиз къо, радал сагIат 9 тIубаралдаса къаси 19 тIубазегIан.

### Районалъул архитектор



**АхIмаднабиев ХIажимурад ГIалиевич гьавуна 1978 соналда Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ. 1984 соналда цIализе лъугьана МелъелтIа гьоркьохъеб школалде.**

1995 соналда лъугIана МелъелтIа гьоркьохъеб школа ва гьебго соналъ цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб техническияб университеталъул бакIал раялъул факультеталде. Гьеб лъугIун хадув 2001 соналъул 11 сентябралда ХIажимурад хIалтIизе лъугьана БТИялде (техническияб инвентаризациялъул бюро). ХIалтIана гьенив 2014 соналъул 30 декабралде щвезегIан. 2015 соналъул январь моцIалда тIамуна районалъул архитекторлъун.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

## 20 хIуби хисана

**Данухъ росулъ токалъул хIубал хисизе ва кварал цIазе рачIун рукIана подстанциялъул хIалтIухъаби. Росулъ гьез 20 хIуби хисана, кварал цIана, 2 трансформаторалде кварал цолъизаруна ва къокъаб заманалда гьеб захIматаб хIалтIи лъугIизабуна.**

Бокьун буго районалъул газеталдасан гьезие ракI-ракIалъулаб баркала кьезе Данухъ росдал гIадамазул рахъалдасан бетIералда Камал ГIалиевгун нижее пайдаяб хIалтIи гьабурал мастер АхIмад Асадулаевасе, бригадир ГIабдулхIамид Хайрулаевасе, хIалтIухъаби Шамил РахIматулаевасе, МухIамад Сайгидовасе, Къурбан СалихIовасе, МухIамадрасул Юсуповасе, Мурад ГIалиевасе, АхIмад ГIамирхановасе.

**МухIамад СултанмухIамадов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Электронные «ключи» Россреестра

### Информация для руководителей органов государственной власти, местного самоуправления и правоохранительных органов

**Федеральный закон от 27 июня 2010 года № 210 - ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг» регулирует отношения, которые возникают при предоставлении государственных и муниципальных услуг федеральными органами государственной власти, органами местного самоуправления и другими органами, определенным этим федеральным законом. Данный закон предусматривает, что государственные и муниципальные органы самостоятельно могут запрашивать сведения в электронном виде.**

При обращении в Управление Росреестра по РД с запросом о предоставлении сведений содержащихся в ЕГРП, различными органами государственной власти и местного самоуправления на бумажных носителях документооборот проходит несколько этапов, начиная с отделения почтовой связи и заканчивая непосредственно исполнитель данного запроса и направления ответа заявителю, а так же удлиняются сроки исполнения.

Доводим до сведения руководителей органов государственной власти, местного самоуправления и правоохранительных органов, что электронное взаимодействие позволяет оперативно, в более короткие сроки и без бумажных носителей, обеспечить оказание услуг тому или иному органу.

Постановлением Правительства Российской Федерации от 8 сентября 2010 года № 697 утверждено положение «О единой системе межведомственного электронного взаимодействия», которое определяет назначения и правила формирования единой системы межведомственного электронного взаимодействия, а также основы информационного обмена.

Информацию о зарегистрированном объекте недвижимого имущества и о наличии либо отсутствии недвижимого имущества, зарегистрированного в ЕГРП на физических и юридических лиц можно получить через сервис официального сайта Росреестра, который дает возможность пользователям, владеющим «ключом» доступа, осуществляет поиск и просмотр общедоступных сведений об объектах недвижимости, а также запрос и копирование сведений ограниченного доступа (в объеме выписки из ЕГРП) об объекте недвижимости (на платной основе). Сервис работает в полном объеме, каких либо нареканий по его работе не поступало.

Управление предоставляет «ключи» доступа, которые позволяют, осуществляют указанный выше просмотр, поиск и запрос сведений на сервисе. При этом «ключи» доступа необходимо ежегодно обновлять.

Для получения «ключа» доступа необходимо обращаться в Управление Росреестра по РД по адресу г. Махачкала проспект Гамидова № 9 «а»

Благодаря Единой системе межведомственного электронного взаимодействия значительно снижаются сроки, уменьшается время на поиск и обработку информации, повышается качество предоставляемой услуги.

**Хасавюртовский межмуниципальный отдел Управления Росреестра по РД**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

## ЦIияб ЦIиликье тохтурзабазул сапар

### Гумбет районалъул централияб больницаялъул хIалтIухъаби -хъутабазда

Районалъул централияб больницаялъул хIалтIухъаби гIатIиракьалда ругел Гумбет районалъул гIадамазухъе рачIин гIадатлъун лъугьун буго. Гьал къоязда бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадовасул нухмалъиялда ЦIияб ЦIиликь росулъе рачIун рукIана тохтурзабиги, цогидал хIалтIухъабиги. Радал 9 тIубалелде росулъеги щун, гьез тIаде къабул гьаруна гIадамал, халгьабуна гьезул. Рокъорго сахгьарун бажарулезе дараби хъвана, больницабазда регизе кколезда гьенире аян абуна, щивасул унтуе данде кколел малъа-хъваял гьаруна. ЦIияб ЦIиликь росдал гIадамал киналго цо чи гIадин тохтурзабахъе ана, цересел соназго гIадин гьездасаги разилъана. Нижер бегавуласул, тIолабго жамагIаталъул ва дирго рахъалдасан «Гумбет» газета гьоркьоб ккун, ракI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго районалъул централияб больницаялъул хIалтIухъабазе, нижер гьабураб тIалаб-агъазалъухъ. Кьеги нужее ва нужер хъизабазе талихIаб гIумру, щулияб сахлъи. Тайги нуж рохалида.

**Нужее талихI-рохел ва лъикIабщинаб гьарулев ЦIияб ЦIиликьа Халидбег ГIубайдов**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1486
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.